

Lèt pou Rezidan yo: Anons pou Kote pou Moun pa Fimen Deyò

<<Date>>

Chè Rezidan,

Nan pami efò n ap fè pou n pwoteje sante ak byennèt tout lokatè nou yo <<Property Name>> pral defann fimen nan tout zòn ki pou tout moun yo, andedan kou deyò, kòmanse nan dat <<date>>.

Rezidan ak envite pa gen dwa fimen nan okenn zòn ki pou tout moun, andedan kou deyò, sa ki vle di, epi san se pa sa sèlman, zòn pou antre yo, lakou, pasrèl, paking, arebò pisin, sal pou fè lesiv, epi pòt oswa fenèt ki bay sou deyò nan nenpòt bilding. [Fakiltatif: Nou mete yon kote espesyal pou moun fimen, pou sa kapab pi fasil pou lokatè ak envite nou yo nan <<state area>>. Se sèl kote ki pou tout moun, kote yo kapab fimen.] Nou mete afich ki di "Pa Fimen" pou lokatè ak envite yo kapab sonje nouvo règleman sa a. Tanpri pa bliye règleman sa yo aplike 24 è pa jou.

Rechèch syantifik California Air Resource Board, ki deklare lafimen dezyèm men se yon pwazon ki kontamine lè a san l pa gen nivo ki san danje, epi sa Doktè Anchèf [Surgeon General] nan peyi Etazini a di sou kesyon lafimen dezyèm men ki kapab pa bon pou lasante, fè konplèks apatman nan Eta a ak nan peyi a redui kontak lokatè yo genyen avèk kontaminan sa a.

Pou moun ki fimen epi ki ta vle kite oswa fimen mwens, gen anpil nouvo pwogram ak pwodui kounye a pou ede w kite fimen. Kontakte Bay Area Community Resources, nan San Raphael, nan nimewo 415-444-5580 ekstansyon 399 pou klas yo pral fè pou ede moun kite fimen. Smoker's Helpline bay sèvis gratis nan telefòn tou, pou tout moun ki fimen nan Eta Kalifòni epi ki vle kite, nan nimewo 1-800-NO-BUTTS, oswa nan www.californiasmokershelpline.org.

Mèsi pou kowoperasyon w.

Ak tout senserite,

<<Management>>